




Verifye Sentòm



Konnen Kilè pou Rete Lakay ou

Sezon grip nan Boston jeneralman kòmanse nan mwa oktòb jiska mwa mas. Grip ka lakoz lafyè, tous, mal gòj, kò fè mal, mal tèt, frison ak/oswa fatig. Grip ka grav pou kèk moun.

Si yon moun nan fanmi w pa santi l byen pandan sezon grip sa a, li enpòtan pou konnen lè pou fè yo rete lakay pou yo pa ale lekòl oswa nan travay. Rete lakay ou pa p sèlman ede yon moun santi l pi byen, men li ka anpeche grip simaye bay lòt moun. Itilize gid sa pou ede w deside lè pou rete lakay ou.



Grip kont. Rim

Konpare sentòm ki anba yo pou ede w deside si w gen yon grip oswa yon rim:

Sentòm	Grip	Rim
Lafyè	✓	
Tous	✓	✓
Mal tèt	✓	
Mal Gòj	✓	✓
Zye k ap fè dlo		✓
Fatig	✓	
Doulè nan Misk	✓	
Etènnye		✓
Nen bouche k ap koule		✓

Èske yon moun santi l malad jodi a?

Reponn de kesyon sa yo pou deside si yo dwe rete lakay.

- | | WI | NON |
|--|--------------------------|--------------------------|
| 1. Èske moun nan te gen yon lafyè 100.4°F (38°C) oswa plis nan dènye 24 èdtan ki sot pase a? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 2. Èske moun nan gen yon tous OSWA mal gòj? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |

Si w reponn **WI** a **TOULÈDE** kesyon yo, moun nan gen yon maladi tankou grip epi li dwe rete lakay li. Si w reponn **NON** a youn nan kesyon sa yo, moun nan pa bezwen rete lakay li. Yo ta dwe reponn kesyon sa yo ankò si yo kòmanse santi yo pi mal.

Èske li lè pou wè doktè?

Rele doktè w oswa chèche swen medikal si yon moun ki gen grip gen difikilte pou l respire, gen chanjman nan konpòtman l tankou ogmante ajitasyon, enkyetid ak chimerik, oswa li pa bwè ase likid. Ou dwe siveye gratèl sou po, dezidratasyon oswa nenpòt lòt siy ki endike ke moun nan pi pa alèz ke w ta panse avèk grip la.

Èske Mwen ka retounen lekòl oswa nan travay jodi a?

Reponn de kesyon sa yo pou deside si yon moun ki te gen grip ka retounen lekòl oswa nan travay.

- | | WI | NON |
|---|--------------------------|--------------------------|
| 1. Èske moun nan te gen yon lafyè a 100.4°F (38°C) oswa plis nan dènye 24 èdtan ki sot pase a? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| Èske moun nan te pran asetaminofèn (Tylenol®), ibipwofèn (Motrin® oswa Advil®) oswa lòt medikaman ki redwei lafyè nan dènye 24 èdtan ki sot pase a? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |

Si w reponn **NON** a **TOULÈDE** kesyon yo, moun nan ka retounen lekòl oswa nan travay. Si w reponn **WI** a omwen **YOUN** nan kesyon yo, li **PA KAPAB** retounen lekòl oswa nan travay. Kenbe moun nan lakay pou omwen yon lòt jou pou pèmèt li refè nèt. Apresa itilize kesyon sa yo ankò pou deside si yo dwe retounen lekòl oswa ale nan travay.

Pou plis enfòmasyon, ale nan www.bphc.org/flu

Boston Public Health Commission
Infectious Disease Bureau
www.bphc.org oswa (617) 534-5611